Maithili

# नानी घरक कार यात्रा



लेखन- डॉ. प्रमोद कुमार तिवारी | चित्रांकन- आस्था बसुमतारी और राधिका बोंद्रे

**Stories speak...!**

Stories are the heartbeat of life, weaving together the bittersweet moments that shape our existence. They ignite our spirit, empower us to face life's challenges, and guide us through the complexities of the world. From the digital age to women's rights, from nature conservation to the pursuit of livelihood, and from embracing life's trials to exercising our right to vote – these stories illuminate the path to a meaningful life. Stories woven around 'Critical Life Skills' not only entertain but also cultivate wisdom, enhance our reasoning, and teach us the art of making informed and thoughtful decisions. Step into the narrative, reflect deeply, and let the stories lead you forward!

**Coordinator:** Prof. Usha Sharma, Professor & In-charge, Cell for National Centre for Literacy, NCERT, New Delhi

**Writer:** Dr. Pramod Kumar Tiwari

**Illustrations:** Aastha Basumtary, Radhika Bondre

**Typography:** Gaurav Choudhary, Assistant Professor, Animation & Multimedia Department, BIT Jaipur

**Layout:** Mohd. Nazim, Designer

**Translation:** Central Institute of Indian Languages, Mysore

**Reviewer:** Dr. Meenakshi Khar, Associate Professor, Department of Social Science and Humanities, RIE Ajmer

**Guidance:** Prof. Nina Sabnani, Animator and Guest Faculty, Department of Design, IIT Hyderabad

**Acknowledgements:**

Akshay Kumar Dixit, Mentor Teacher, Delhi Administration

Bhawna Khera, Junior Project Fellow, Cell for National Centre for Literacy, NCERT

Dr. Vibhuti Pandya, Head, Animation & Multimedia Department, BIT Jaipur

Gautam Goswami, Assistant Professor, Animation & Multimedia Department, BIT Jaipur

**IIT Hyderabad:** Dr. Prasad S. Onkar, Associate Professor and Head, Department of Design; Prof. Deepak John Matthew, Professor, Department of Design; Delwyn Jude Remedios, Assistant Professor, Department of Design; Ankita Roy, Assistant Professor, Department of Design; Dr. Mohd. Shahid, Assistant Professor, Department of Design; Dr. Saurav Deori, Assistant Professor, Department of Design; Dr. Shuhita Bhattacharjee, Assistant Professor, Department of Liberal Arts

Mohd. Shah Alam, Senior Consultant (ICT), Cell for National Centre for Literacy, NCERT

Shyam Singh Sushil, Writer

# नानी घरक कार यात्रा

लेखन- डॉ. प्रमोद कुमार तिवारी | चित्रांकन- आस्था बसुमतारी और राधिका बोंद्रे

राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING


आकाश आ रिंकी आइ भोरेसँ बड्ड उत्साहित छलाह।
आइ ओ सभ अपन नानीघर जा रहल छलाह ।
आकाश बस अपन पिताक ऑफिससँ घर एबाक इंतजार मे छल।
साँझ होइते रमेश बाबू ऑफिससँ घुरलाह ।
देखैत-देखैत दादीक घर जेबाक लेल टैक्सी बुक भ’ गेल।


रिंकी अपन मायक संग टैक्सीमे सबटा सामान रखबा लेलक।
दोसर दिस बाबूजीक बुझेबाक बादो आकाश जिद्दी भ' क' ड्राइवरक बगल मे बैसल सीट पर बैसि गेल।
आ टैक्सी नानीघर दिस चलि देलक!



गाड़ी घरसँ थोड़ेक दूरीपर पहुँचल त रिंकी देखलक जे आकाश आ ड्राइवर काका दुनू गोटे सीट बेल्ट नहि पहिरने छथि।
आकाश, अहाँकेँ अपन सीट बेल्ट पहिरबाक चाही।
हमरा बुझल अछि, हमरा बुझल अछि! हाईवे पर पहुँचला पर लगा लेब।
काका, अहाँक सेहो गाड़ी चलबैत काल सीट बेल्ट लगेबाक चाही।
ड्राइवर रिंकीक बात के अनसुना क देलक।


तखने रिंकीक नजरि गाड़ीक साइड मिरर दिस गेलै।
काका, एहि टूटल काँचमे पाछूसँ आबय बला गाड़ी के अहाँ कोना देखब ?
हम कतेको साल स गाड़ी चला रहल छी। हमरा ई ऐना नहि चाही।
पापा, ई काका एतेक लापरवाह गाड़ी चला रहल छथि। हम सब सकुशल नानीघर पहुँच जाएब ने?
अहाँ चिन्ता जुनि करु रिंकी। सब किछु ठीक अछि।
आब गाड़ी हाईवे पर पहुँचि गेल छल।


आकाश एखन धरि सीट बेल्ट नहि पहिरने छल। ओकर पूरा ध्यान सड़क पर आबय-जायबला आन गाड़ी पर छलैक।
रिंकी एकबेर फेरसँ ओकरा सीट बेल्ट पहिरबाक लेल कहलक।
आकाश खिसिया क' सीट बेल्ट लगा त लेलक मुदा ओकरा ढीला क' हाथसँ पकड़ि लेलक आ एकबेर फेर आबय-जाय बला गाड़ी सभ देखय लागल।



ड्राइवर भरि रस्ता लापरवाही स गाड़ी चला रहल छल। कखनो फोन पर गप्प करथि त कखनो चलैत गाड़ीक खिड़की खोलि सड़क पर पान थूकि दैत छलाह। रमेश बाबू सेहो हुनकर गैर जिम्मेदार व्यवहार स परेशान छलाह।







रमेश बाबू के ई बात कहय सँ पहिनहि गाड़ी आगूसँ आबय वाला मोटरसाइकिलसँ टकरा गेल।
दुर्घटना होइते लोक सड़क पर जमा भ गेल। भीड़ मे कियो एम्बुलेंस सेहो बजौलक।


आकाशक सेहो सीट बेल्ट ठीकसँ नहि पहिरला सँ चोट लागल।
दोसर दिस मोटरसाइकिल सवार सेहो चालक स मुआवजा माँगय लागल।
देखू अहाँक लापरवाही के कारण की भेल।
कृपया माफ करब सर। गलती भ गेल। हम ध्यान नहि देलियैक।
रिंकी खुश छलीह जे कोनो पैघ दुर्घटना नहि भेल आ कियो गंभीर रूपसँ घायल नहि भेल।
ओ अपन मोने मोन निर्णय कएने छलीह जे जखन ओ पैघ भ' जेतीह आ गाड़ी चलाबय सीखत तखन ओ ट्रैफिकक सभटा नियमक पालन अवश्य करतीह।



# यातायात किछु नियम-

1. गाड़ी चलबैत काल सीट बेल्ट या हेलमेट पहिरब

2. निर्धारित गति सीमासँ पार नहि करु

3. सदिखन ट्रैफिक सिग्नल के पालन करू

4. अपन लेन मे रहू

5. दोसर वाहनसँ सुरक्षित दूरी बनाक राखू

6. नशा मे गाड़ी नहि चलाउ

7. गाड़ी चलबैत काल मोबाइल फोनक प्रयोग नहि करू

8. आपातकालीन वाहन जेना एम्बुलेंस या फायर इंजन लेल जगह बनाउ

9. नियमित रूपसँ अपन वाहनक रखरखाव करु

10. मुख्य सड़क, चौराहा, तिराहा आ मोड़ पर घुमैत काल धीमा करु



सा विद्या या विमुक्तये

CELL FOR NATIONAL CENTRE FOR LITERACY

राष्ट्रीय साक्षरता केंद्र–प्रकोष्ठ





















# Story Books

Based on Critical Life Skills










































राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान और प्रशिक्षण परिषद्
NATIONAL COUNCIL OF EDUCATIONAL RESEARCH AND TRAINING

